



“Grip Avyè” H5N1

Rekòmandasyon pou Moun k ap Eksplwate/Fabrike Pwodwi Letye yo

Sitiyasyon: Depi ane 2022, yo siyale virus grip avyè A ki patojèn anpil (highly pathogenic avian influenza A, HPAI) la nan peyi Etazini pami bêt volay domestik yo, zwazo sovaj, chat, lòt ti zannimo, ansanm ak betay tankou vach ki bay lèt. Yo konnen virus sa tou sou non H5N1 oswa “grip avyè.”

Nan lane 2024, yo te siyale plizyè ka enfeksyon H5N1 nan peyi Etazini pami moun k ap travay avèk lèt kri yo tire nan tete vach ki enfekte yo. Moun k ap eksplwate pwodwi letye yo kapab ede n mete yon fren nan pwopagasyon virus sa lè yo swiv yon seri mezi pou diminye sou risk enfeksyon pami travayè yo genyen yo.

Risk potansyèl pou moun: Tèm grip avyè ki “vrèman patojèn” nan vle di virus sa a lakoz zwazo yo malad byen grav. Malgre virus sa kapab lakoz moun malad byen grav tou, yo poko obsève sa nan epidemi ki genyen aktyèlman nan peyi Etazini an. H5N1 an kapab pwopaje atravè lèt oswa pwodwi letye ki pa pasterize – ansanm ak objè ke matyè fekal, lityè, oswa sekresyon zwazo ansanm ak lòt zannimo ki enfekte kontamine.

Rekòmandasyon yo se: Pwoteje travayè agrikòl ansanm ak zannimo yo, kontwole si yo pa malad, epi asire ke fèm ou an prè pou si yon zannimo ta vin tonbe malad.

1. Asire w ke w gen ase ekipman pou pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) oswa konnen ki kote pou jwenn yo nan men yon sous ki fyab.

- Al gade [founiti PPE ki rekòmande yo.](#)



www.cdc.gov/bird-flu/prevention/worker-protection-ppe.html




- Si w gen kesyon konsènan PPE yo, kontakte [depatman sante lokal ou a.](#)



www.health.ny.gov/contact/contact_information/

- Travayè agrikòl yo dwe chanje rad sou yo apre yo fin gen kontak avèk zannimo ki malad.

2. Asire w ke travayè yo mete PPE ki apwopriye lè y ap travay avèk zannimo yo konnen ki enfekte oswa ki ka petèt enfekte avèk H5N1 – ak lè y ap travay avèk materyèl ki soti nan zannimo sa yo, tankou lèt kri. Atik sa yo fè pati PPE:



3. Fòme travayè agrikòl yo sou PPE ansanm ak lòt mezi pwoteksyon.





- Evite manyen figi w, zye w, oswa bouch ou.
- Lave men w souvan.
- Piga konsome lèt kri oswa pwodwi ki gen lèt kri. Li pa janm pridan pou bwè lèt ki kri.
- Chanje rad, jete PPE ki kapab jete, epi dezenfekte PPE ke w kapab reytilize apre w fin an kontak avèk zannimo ki malad yo.
- Pran vaksen kont lagrip ou a chak ane. Vaksen sa p ap pwoteje w kont H5N1, men sa kapab ede anpeche viris la pwopaje pamí moun, tankou grip sezyonye an kapab pwopaje a.
- Piga manje, bwè, fimen, vapote, ni pa fè okenn aktivite men ak bouch san w pa lave men w avan. Pran poz nan yon espas ki pwòp andeyò espas travay ou oswa espas kote w gade zanmi yo.

4. Pratike bon biyo-sekirite.

- Ranfòse pratik biyo-sekirite yo pou kenbe maladi lwen fèm nan ak pou anpeche maladi pwopaje nan fèm nan.
- Si w gen kesyon, kontakte veterinè w la, veterinè reyjonal Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) yo, ak/oswa Veterinè Ki An Chaj nan Zòn (Area Veterinarian In Charge) Depatman Agrikilti peyi Etazini (United States Department of Agriculture, USDA) a.
- Limite kontak avèk zannimo ki malad yo pou pèsònèl ki esansyèl yo sèlman.

5. Avèti depatman sante lokal ou a si yon travayè agrikòl ekspoze ak yon zannimo ki malad. Kontakte yo tou si yon travayè agrikòl ki te ekspoze avèk yon zannimo ki maladi vin devlope sentòm.

- Men kèk siy ak sentòm enfeksyon H5N1 ki kapab prezante lakay moun: Zye ki wouj/ki irite/k ap bay dlo, tous, malgòj, nen k ap koule oswa ki bouche, doulè nan misk oswa kò fè mal, tèt fè mal, fatig, difikilte pou respire, lafyèv, ansanm ak dyare.



Pou jwenn Mizajou sou sitiyasyon yo, repons pou kesyon yo poze souvan (FAQ), ansanm ak rekòmandasyon pou sekirite:

Paj entènèt Sèvis Enspeksyon Sante Zannimo ak Plant (Animal and Plant Health Inspection Service, APHIS) USDA



www.aphis.usda.gov/livestock-poultry-disease/avian/avian-influenza/hpai-detections/livestock

Pou rete enfòme sou konsèy yo:

Paj entènèt Depatman Eta New York (New York State Department of Health)



www.health.ny.gov/diseases/communicable/influenza/avian/